



## Kisa yon Peryòd Enskripsyon Espesyal ye?

Yon Peryòd Enskripsyon Espesyal se lè yon moun gen yon evènman espesyal nan lavi li (ki rele yon “Evènman Admisib nan Lavi”) ki fè li posib pou moun nan enskri nan pwoteksyon li oswa pou li chanje pwoteksyon an avèk yon Plan Sante Admisib deyò Peryòd Enskripsyon Lib la.

## Ki Evènman Admisib nan Lavi ki ta ka fè yon moun kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal?

Men kèk Evènman Admisib ou ka gen nan Lavi:

- Pèt asirans sante (pou rezon ki diferan avèk lè ou pa peye frè asirans ou chak mwa)
- Yon moun kite Eta New York nèt oswa ou ale nan yon Eta ki fè plan sante yo disponib pou ou
- Maryaj oswa patenarya domestik (ou dwe te gen lòt pwoteksyon nan 60 jou ki sot pase yo)
- Divòs oswa separasyon legal
- Gwosè yon pratisyen swen sante sètifye
- Yon timoun ki fèt oswa adopsyon yon timoun, oswa plasman yon timoun nan fanmi akèy
- Ou vin kalifye oswa pa kalifye pou resevwa èd pou peye pou pwoteksyon Plan Sante Admisib ou
- Ou vin yon sitwayen ameriken, yon sitwayen oswa moun ki gen grinkat

Anjeneral, ou dwe rapòte yon Evènman Admisib nan Lav ba NY State of Health nan 60 jou. Ou ka bezwen bay prèv Evènman Admisib nan Lavi bay nouvo plan sante ou oswa NY State of Health.

## Kijan m ap konnen pou ki pwogram mwen kalifye?

Gen twa (3) fason fasil pou konnen si ou kalifye pou pwoteksyon sante:

- Aplike sou entènèt nan sitwèb [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)
- Rele Sant Sèvis Kliyantèl la nan nimewo **1-855-355-5777**
- Rankontre avèk yon **Moun ki pou Ede ou Fas-a-Fas**



Sou entènèt nan sitwèb  
[nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov)



Pa telefòn nan nimewo  
**1-855-355-5777**

TTY  
**1-800-662-1220**



Ale jwenn yon Moun ki pou  
Ede ou Fas-a-Fas

N ap ede ou fè pwosesis enskripsyon an, n ap fè ou konnen pou ki pwogram ou kalifye, epitou n ap fè ou konnen kilè ou kapab enskri. Gen èd ki disponib nan kèlkeswa lang ou pale.